


LEMBAR KERJA SISWA



NAMA :

KELAS:

Nyaah ka Ingon-ingon

Asih : "Basa libur kamari, Asih nganjang ka bumi Aki sareng Nini. Bumina di lembur. Tah, énjing-énjing, Nini maraban hayam. Parabna téh huut lembut ditinyuh ku cai panas. Terus diamparkeun dina nyiru. Hayamna pasesedek ngariung nyiru. Geus kitu nini nyarios ka hayam. Mapagahan."

Galih : "Nyarios ka hayam?"

Asih : "Enya. Kieu cenah nyariosna téh: 'Kadé ulah jarambah teuing ulin téh. Ulah bangor, ulah ngaruksak pepelakan batur. Mun geus burit gancang balik,' saurna bari ngusapan hayam."

Galih : "Ngagugu hayamna?"

- Asih : "Ari hayam ngartieun kitu kana omongan urang?"
- Galih : "Ngartieun meureun, héhé. Apan Nini Galih gé sok nyarios ka ucing."
- Asih : "Naha, nya? Terus basa Asih ameng ka lembur, Aki sok nyarékan domba jalu. Da éta domba neunggaran waé kandang. Atuh kana pepelakan gé kitu. Basa Asih milu melak suuk di kebon, aki nyarios: 'Sing hurip manéh téh. Sing réa beutina. Sing mucekil hasilna,' kitu cenah.
- Galih : "Tapi pan, henteu sakur sasatoan diajak nyarios. Aki jeung nini Asih, ukur ngajak ngobrol ka sato kukutanana. Atawa kana pepelakanana."
- Asih : "Muhun. Ukur ka sasatoan nu diurus ku aranjeunna."
- Galih : "Cék bapa Galih mah, éta téh tandana nyaah. Mun urang miara sasatoan atawa ngurus pepelakan dibarung ku kanyaah, hasilna gé bakal hadé. Da aranjeunna gé uningaeun, sato mah moal ngarti kana omongan jelema. Ngan lantaran nyaah téa, ngurusna kawas ka anak baé."
- Asih : "Jadi Asih gé, mun melak kembang kudu diajak ngobrol, ngarah kembangna aralus. Kitu maksud Galih téh?"
- Galih : "Tah, Galih gé kungsi nanya kitu ka bapa. Diwalerna téh, ari némbongkeun kanyaah mah rupa-rupa. Urang lembur mah meureun geus biasa nyarita ka ingon-ingon téh, jadi moal dianggap anéh."
- Asih : "Teu kaharti. Apan sato jeung tutuwuhan mah teu bogaeun pikiran. Rék kumaha nyaheunana ku urang?"
- Galih : "Ih, ari Asih. Apan réa sato nu mélaan dununganana. Hartina maranéhna gé bisa males budi ka manusa."

Asih : "Tapi pan teu barisaeun ngomong."
Galih : "Aya nu bisaen ngomong gé."
Asih : "Naon?"
Galih : "Manuk béo!"
Asih : "Ah, da éta mah dilatih ku jelema."

Latihan 1

Jawab pananya di handap!

1. Di mana imah aki jeung ninina Asih?
2. Naon nu dipaké parab hayam ku nini Asih?
3. Naon nu sok diomongkeun ku ninina Asih waktu keur maraban hayam?
4. Naha akina Asih bet nyarékan domba?
5. Ku naon pangna urang miara sasatoan atawa ngurus pepelakan dibarung ku kanyaah?